

KALURAHAN KARANGWUNI

Eka Supriyanta, dkk.



Gunungkidul
Handayani

SEJARAH KALURAHAN KARANGWUNI

Penulis : Eka Supriyanta
Pendamping : Suparta
Editor : Eka Supriyanta
Perancang sampul : Benni Moharom
Penata Isi : Ari Yuli Endarto

Cetakan pertama, Mei 2021

vi + 61 halaman

14 x 20 cm

Diterbitkan oleh

Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan)

Gunungkidul, Yogyakarta.

Sumber Biaya Dana Keistimewaan 2021

ISINIPUN BUKU

PEPELING DINAS KEBUDAYAAN	iv
PEPELING PANEWU KAPANEWON RONGKOP	v
PEPELING LURAH KARANGWUNI	vi

Karangwuni Kang Mitayani	1
Bumi Karangwuni	1
Demograsi kependudukan	4
Dumadining Karangwuni	14
Cariyos Sepindah	15
Cariyos Kaping Kalih	21
Cariyos Kaping Tiga	25
Karangwuni Kang Diayomi	29
Tepa Selira	29
Urip Kudu Urup	29
Urutaning lurah ing kalurahan karangwuni	31
Aja Dumeh	54

SUMBER TUWIN NARASUMBER	55
PANYUSUN TUWIN PANYERAT	60

**PEPELING KEPALA DINAS KEBUDAYAAN
(KUNDHA KABUDAYAN)
KABUPATEN GUNUNGKIDUL**

Assalamu'alaikum Warrahmatullahi Wabarakatuh

Dinas Kebudayaan wiwit warsa 2017 sampun madeg dados dinas kiyambak. Kanthi Jejibahan wonten gegandenganipun kaliyan budaya. Gunungkidul. Pariwisata Gunungkidul sampun majeng lan kathak wisatawan ingkang dumugi. Babagan Literasi Budaya mliginipun Sejarah Kalurahan supados saged nyengkuyung majengaken Pariwisata ing Kabupaten Gunungkidul, Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) Kabupaten Gunungkidul ing Warsa 2021 damel Buku Sejarah Dumadining Kalurahan Kanthi Basa Jawa. Sedaya saged kasembadan awit pikantuk Rahmat lan Hidayah saking Gusti Inggang Maha Kawasa.

Mugi ing warsa salajengipun Kalurahan ingkang dereng nyerat enggal Cancut Taliwanda damel buku kanthi panyuwunan sedaya kalurahan ing Kabupaten Gunungkidul gadahi Buku Sejarah kalurahan Kanthi Basa Jawa.

Wassalamu'alaikum Warrahmatullahi Wabarakatuh

Wonosari, Mei 2021

Kepala Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan)
Kabupaten Gunungkidul

Drs. AGUS KAMTONO, MM

PEPELING PANEWU KAPANEWON RONGKOP

Buku Sejarah Kalurahan Karangwuni mujudaken buku ingkang ngandharaken Kalurahan Karangwuni ingkang kaserat miturut cariyosipun para pinisepuh minangka narasumber ingkang mangertosi cariyos Kalurahan Karangwuni.

Minangka Panewu Rongkop sarujuk tuwin bingah sanget menggah wontenipun panyeratan Buku Sejarah Kalurahan Karangwuni menika, awit buku kasebat saged kangge pepiling ugi pangertosan mliginipun dhumateng warga masarakat Kalurahan Karangwuni minggahipun Kapanewon Rongkop, Kabupaten Gunungkidul lan Negari Indonesia ugi Manca Negari.

Kanthi menika Panewu Rongkop nggadhahi panyewunan mugi-mugi Buku Sejarah kalurahan Karangwuni menika saged dipun biwaraaken dhumateng warga masarakat satemah saged mangertos Sejarah Kalurahan Karangwuni.

Atur panuwun dhumateng Panyerat ingkang sampun saged nyerat Sejarah Kalurahan Karangwuni.

Rongkop, 30 April 2021



PEPELING LURAH KARANGWUNI

Sampun sawetawis dangu anggenipun sami kepingin gadhah Buku Sejarah Kalurahan Karangwuni anangin nembe wekdal menika saged dipun wujudaken.

Pinangka Lurah Kalurahan Karangwuni rumaos bingah sanget tuwin sarujuk wontenipun panyeratan Buku Sejarah Kalurahan Karangwuni.

Mugi-mugi Buku Sejarah Kalurahan Karangwuni menika saged kangge waosan utawi pangertosan tuwin panutan kangge panelitian para winasis.

Buku Sejarah Kalurahan Karangwuni menika supados saged dipun mengertosi dening sedaya warga masyarakat ing wewengkon Kalurahan Karangwuni sumrambah Kapanewon Rongkop, Kabupaten Gunungkidul, Daerah Istimewa Yogyakarta minggahipun dhateng Negari Indonesia ugi Manca Negari.

Kanthi menika Lurah Kalurahan Karangwuni ngaturaken panuwun dhumateng ingkang nyerat Buku Sejarah Kalurahan Karangwuni mugi-mugi saged dados pangertosan tuwin piguna dhumateng kita sedaya.

Karangwuni, 27 April 2021

Lurah Karangwuni



SUPARTA, S.Pd

BAB I
KARANGWUNI KANG MITAYANI
"Gemah Ripah Loh Jinawi,
Tata Tentrem Kerta Raharja" (hasta brata).

1. Bumi Karangwuni (geografi/lingkungan)



Foto 1. Peta Kalurahan

Sumber : Pemerintah Kalurahan Karangwuni

Kalurahan Karangwuni mapan wonten ing Padhukuhan Karangwuni dipun ubengi pareden ingkang asri. Angin pareden ingkang asrep, sumilir angin saking pasabinan ingkang wiyar tuwin subur, sarta esemipun warga masyarakat ingkang tulus ugi dadosaken kapang. Sadaya menika ngengetaken dhumateng gambaran leluhur jawi, dipun jangka saged dados kalurahan ingkang gemah ripah loh-jinawi tata tentrem karta raharja tuwin mitayani .

Tapel wates Kalurahan Karangwuni, inggih menika:

1. Iring ler wewatesan kaliyan Desa Gebangharjo Kecamatan Pracimantoro Kabupaten Wonogiri
2. Iring wetan wewatesan kaliyan Kelurahan Gedong Kecamatan Pracimantoro Kabupaten Wonogiri
3. Iring kidul wewatesan kaliyan Kalurahan Melikan, Kapanewon Rongkop, Kabupaten Gunungkidul
4. Iring kilen wewatesan kaliyan Kalurahan Semugih, Kapanewon Rongkop, Kabupaten Gunungkidul.

Wiyaripun wewengkon Kalurahan Karangwuni wonten 1.102,6155 Ha.

Kalurahan Karangwuni dipunapit Padhusunan (Padukuhan) ingkang sadaya warga gesangipun guyub rukun sami kormat kinormatan.

Kalurahan Karangwuni wonten 10 (sedasa)

Padukuhan inggih menika:

1. Padukuhan Kerdonmiri
2. Padukuhan Saban
3. Padukuhan Duwet
4. Padukuhan Suruh
5. Padukuhan Karangwuni
6. Padukuhan Pampang
7. Padukuhan Tirisan
8. Padukuhan Sriten
9. Padukuhan Ngejring
10. Padukuhan Ngerong

Kawontenan Pasiten Karangwuni arupi pategalan tadhah udan ingkang werninipun cemeng.

Pakaryan warga masyarakat saperangan ageng olah tetanen kanthi tumpangsari antawis ipun pantun, jagung, kacang, tela tuwin sayuran. Kajawi saking menika wonten ugi ingkang ngingah kewan kados dene lembu, menda, ayam tuwin peksi. Wonten ugi ingkang ngingah ulam lele. Pakaryan sanesipun wonten ingkang bebakulan

Kalurahan Karangwuni samenika dipun pangarsani dening Bapak Suparta, S. Pd pinangka Lurah ingkang kaping 8 (wolu).



*Foto 2. Kantor Kalurahan Karangwuni
Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni*

2. Demografi-kependudukan

a. Warga

Warga Kalurahan Karangwuni gunggungipun wonten 3.797 jiwa, ingkang kadadosan saking kakung 1.867 jiwa, putri 1.930 jiwa. Kadadosan saking:

No	Padukuhan	Kakung	Putri	Gunggung
1	Kerdonmiri	249	261	510
2	Saban	197	200	397
3	Duwet	209	223	432
4	Suruh	142	148	290
5	Karangwuni	250	270	520
6	Pampang	152	155	307
7	Tirisan	103	109	212
8	Sriten	211	235	446
9	Ngejring	153	150	303
10	Ngerong	201	179	380
	Gunggung	1.867	1.930	3.797

Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni 31 Maret 2021

b. Panggesangan

Panggesangan padintenan tansah ayem tentrem jalaran tansah guyub rukun tuwin gotong royong antawisipun reresik lingkungan, ndandosi radosan ugi nindakaken pedamelan sanes-sanesipun.



Foto 3. Gotong royong ndandosi radosan

Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni

c. Kasarasan

Warga masyarakat sampun sami sadhar babagan kesarasan badan awit samenika sampun kathah seserepan babagan ilmu kesarasan ugi sampun kathah Dokter, Perawat, Bidan, Kader Kesarasan lan sanesipun ananging wekdal menika taksih wonten ingkang nandhang sakit “Covid-19” (Corona Virus Deseases) ingkang nembe dados wabah ing sadonya.

d. Pawiyatan

Pepeling leluhur Jawi, bilih ilmu iku kalakone kanthi laku. Tegesipun, bilih ilmu menika kedah sesarengan kaliyan dipun lampahi. Boten saged ilmu namung dipun sinau nanging mboten dipun cakaken. Pawiyatan ingkang wonten ing wewengkon Kalurahan Karangwuni:

No.	Tataran	Nami Pawiyatan	Papanipun
1	PAUD	PAUD Aisyiyah Kerdonmiri	Kerdonmiri
		PAUD Aisyiyah Saban	Saban
		PAUD Sejati Karangwuni	Karangwuni
		PAUD Tunas Bangsa Sriten	Sriten
		PAUD Pelita Darma Ngejring	Ngejring
2	SD	SD Kerdonmiri I	Kerdonmiri
		SD Baran II	Saban
		SD Karangwuni II	Karangwuni
		SD Karangwuni I	Tirisan
3	SMP	SMP Muhammadiyah Rongkop	Kerdonmiri

4	SMK	SMK Muhammadiyah Rongkop	Kerdonmiri
---	-----	--------------------------------	------------

Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni

Tataran Pawiyatan	Gunggung
a. Lulusan pendidikan umum	
1) Taman Kanak-kanak	256
2) Sekolah Dasar/ sederajat	1.582
3) SMP	1.014
4) SMA/SMU	529
5) Akademi/D1-D3	78
6) Sarjana	108
7) Pascasarjana (S2)	4
b. Lulusan pendidikan khusus	
1) Pondok Pesantren	1
c. boten lulus lan boten sekolah	
1) boten lulus	86
2) boten sekolah	139

Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni



*Foto 4. Lare-lare Kalurahan Karangwuni nembe sekolah
Sumber: SD Karangwuni II*

e. Agami lan Kapitadosan

Warga Kalurahan Karangwuni ngantos samerika gesang rukun, sanadyan benten-benten agami lan kapitadosanipun. Kathahipun ngrasuk agama Islam, nanging wonten ugi ingkang ngrasuk agama Kristen, Katholik, lan kapitadosan leluhur.

Data kalurahan nyebataken, ingkang ngrasuk agama Islam gunggungipun wonten 3.797 jiwa, Kristen wonten 48 jiwa, Katholik wonten 4 jiwa, Penghayat Kapitadosan utawi Kejawen wonten 3 jiwa.



*Foto 5. Masjid Baburroyan Padukuhan Karangwuni
Sumber: Padukuhan Karangwuni*



*Foto 6. Gereja Padukuhun Karangwuni
Sumber: Padukuhun Karangwuni*

f. Pangupa Jiwa

Pategalan ingkang wiyar Kalurahan Karangwuni dados bukti manawi warganipun kathah ingkang dados petani. Namung wonten ugi ingkang dados pegawai negeri, kados dene dados guru ugi pegawai kantor pamarentahan, lajeng wonten ingkang dados bakul, tukang kayu, tukang watu, bengkel sepeda motor, lan sapanunggalanipun.

Pakaryan	Gunggung
a. Karyawan	
1) Pegawai Negeri Sipil	97
2) TNI/Polri	5
3) Swasta	657
b. Wiraswasta/pedagang	136
c. Petani	1.475
d. Tukang	54
e. Buruh Tani	173

f. Pensiunan	48
g. Boten makarya	1.152

Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni

g. Kabudayan

Kalurahan Karangwuni ugi kathah budaya. Para warga taksih gumregut nguri-uri kabudayan leluhur, kadosta rasulan, gumregan. Dene babagan kesenian antawisipun kethoprak, wayang kulit, kerawitan, terbangun, gejug lesung, jathilan, reyog, srandhul, campursari, thek-thek, permainan tradhisional, lan sapanunggalinipun. Sedaya menika dados sarana rumaketipun para warga anggenipun gesang sesarengan.



Foto 7. Upacara adat Rasulan

Sumber: Padukuhan Karangwuni



Foto 8. Kethoprak "NGUDI BUDOYO" Karangwuni

Sumber: Padukuhan Karangwuni



Foto 9. Kirab Budaya

Sumber: Padukuhan Karangwuni (kiwa) lan Padukuhan Kerdonmiri (tengen)



Foto 10. Reyog "MUDO BUDOYO" Pampang

Sumber: Padukuhan Pampang



Foto 11. Jathilan "TURONGGO WULUNG" Suruh

Sumber: Padukuhan Suruh



*Foto 12. Lomba Karawitan Tingkat Kecamatan Rongkop
Peringatan HUT ke 74 RI (26 Agustus 2019)
Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni*



*Foto 13. Nabuh Gong Pembuka Bulan Bhakti Gotong Royong 2019
Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni*



Foto 14. Tari Krensi Anyar

Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni



Foto 15. Pagelaran Wayang Kulit

Ki Sanggit Hadi Wasito (Dukuh Ngejring) Bulan Bhakti Gotong

Royong Taun 2019

Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni

BAB II

DUMADINING KARANGWUNI

“Sura Dira Jayaningrat, Lebur dening Pangastuti”

Para pinisepuh pitados bilih Desa utawi Dhusun Karangwuni sampun wonten wiwit jaman Majapahit, inggih menika jaman Prabu Brawijaya V. Namung samenika kathah cariyos ingkang benten-benten lan sedaya gadhah landhesan ugi pamanggih piyambak-piyambak.

Wonten ing bab menika nyariosaken Dumadining Desa utawi Dhusun Karangwuni minangka cikal bakal Kalurahan Karangwuni ingkang dipun cariyosaken dening pinisepuh wonten 3 (tiga) minangka narasumber inggih menika:

1. Bapa Sutarmo (01-07-1953),
2. Bapa Harsikin (01-07-1931),
3. Bapa Susilo Wardoyo (09-08-1943).

Saking tetiga narasumber menika, Bapak Sutarmo lan Bapak Harsikin nyariosaken dumadining Desa utawi Dhusun Karangwuni menawi Bapak Susilo Wardoyo nyariosaken dumadining pemerintahan Desa utawi Kalurahan Karangwuni.

CERITA RAKYAT

1. Cariyos sepisan miturut Sutarmo (01-07-1953)

Ing laladan tanah Jawi mliginipun saben desa punapa dene kalurahan taksih kathah petilasan ingkang mujudaken warisan leluhur. Petilasan ingkang taksih wonten antawisipun gua, candi, patung, kayu ageng, sumur. Saperangan petilasan kala wau wonten ingkang sampun dipun kemonah kanthi sae satemah saged kangge papan pariwisata, nanging ugi kathah ingkang dereng dipun kemonah namung cekap dipun uri-uri lan dipun pepetri.

Petilasan kala wau wonten ingkang saestu ngemot sejarah nanging ugi kathah ingkang asipat legenda utawi cerita rakyat ingkang boten saged mbuktekaken kasunyatanipun kadosta petilasan ingkang dumunung ing laladan Dusun Karangwuni, Kalurahan Karangwuni, Kapanewon Rongkop, Kabupaten Gunungkidul ingkang dipun sebat *PETILASAN KAKI WALUH*.



*Foto 16. Cungkup Kaki Waluh
Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni*

Babagan Petilasan Kaki Waluh miturut cariyosipun tiyang sepuh ing wewengkon Karangwuni inggih menika:

Nalika jamanipun Para Wali ing laladan Kabupaten Jepara pinanggih satunggaling empu ingkang sampun kondhang kaloka mapanipun wonten ing Dusun Mrapen ingkang asesilih Empu Pitrang, anggenipun yasa pusaka kanthi laku prihatos njalari ageng sanget khasiatipun. Satunggaling dinten Ki Empu Pitrang nampi tamu agung inggih menika Adipati Tuban.

Adipati Tuban mundhut supados dipun yasakaken pusaka ingkang langkung ampuh, awit saking dhawuhing panjenganipun, Empu Pitrang sendika dhawuh tumunten ngadani yasa pusaka ingkang awujud keris Dapur Kyai Sengkelat. Anggenipun yasa keris kala wau ngantos pitung taun

laminipun, awit anggenipun damel namung saben wulan sura.

Sasampunipun keris kala wau dados, lajeng dipun aturaken dhumateng Adipati Tuban. Penggalhipun Adipati Tuban rumaos bombong awit sasampunipun ngasta pusaka Kyai Sengkelat kala wau tlatah Kadipaten Tuban saya kuncara. Pagesanganipun para kawula tansah ayom, ayem miwah tentrem. Awit saking Adipati Tuban kapotangan budi kaliyan Empu Pitrang pramila Empu Pitrang dipun pundhut putra mantu, dipun dhaupaken kaliyan putra putrinipun Adipati Tuban ingkang sesilih Dyah Ayu Rara Palupi.

Kuncaraning Tuban dipun mangertosi saking manca praja, utaminipun Kadipaten Blambangan pramila Adipati Blambangan pados sisik melik punapa ingkang njalari Kadipaten Tuban saged kondhang ing Tanah Jawa. Sasampunipun kataliti jebul awit saking dayaning pusaka Kyai Sengkelat kala wau pramila Adipati Blambangan gadhah niat badhe ndhustha (nyolong) keris kala wau.

Satunggaling dinten Adipati Blambangan utusan maling Aguna supados ndhustha pusaka kala wau. Gancaring cariyos maling kala wau saged nyolong pusaka tanpa dipun mangertosi dening Nayaka Praja Tuban. Temahan kanthi oncatipun pusaka kala wau Kadipaten Tuban saya surem. Penggalhipun Adipati Tuban goreh pramila tumunten

dhawuh dhumateng Empu Pitrang supados ngupadi icalipun pusaka kala wau.

Anggenipun ngupadi pusaka sanadyan sampun kalampah tetahunan boten saged pinanggih. Namung wonten pawartos bilih Kyai Sengkelat menika murca.

Cekaking cariyos, Empu Pitrang sowan dhateng Kanjeng Adipati Blambangan, awit putrinipun kenging gegaman ingkang mawa wisa. Kanjeng Adipati duka yayah sinipi mila lajeng nyuwun tanggeljawabipun supados maloyakaken putri kala wau. Anggenipun maloyaaken tatunipun Roro Upas namung dipun leleti idu cethak (air ludah) sampun pulih kados wingi uni. Adipati Blambangan rumaos cingak lan gumun dhumateng Empu Pitrang denea nambani tatunipun Roro Upas namung dipun leleti idu.

Salajengipun Adipati Blambangan ngunus keris sangking wangkinganipun tumunten dhawuh dhumateng Empu Pitrang: "Ingsun yasakna pusaka kang padha pusaka kang ingsun agem iki". Priksa pusaka menika panjenganipun mesthekaken bilih pusaka ingkang murca sampun pinanggih malih. Pramila lajeng dhawuh supados dipun yasakaken keris ingkang sami.

Dene keris kang asli dipun singitaken wonten kempol sisih kiwa dening Empu Pitrang, lajeng damel keris enggal cacah kalih.

Anggenipun jejodhoan wus antuk wahyu pasihing Pangeran mbobot pitung wulan, lajeng Empu Pitrang pamit badhe tilik ing Dhusun Mrapen kanthi nilar pepeling “Yen aku durung bali Yayi Roro Upas wus nglahirake yen miyos lanang paringana pusaka asma Jaka Supa, wondene miyos pawestri mangsa bodhoa. Umpama aku ora bali amarga aku wis ndungkap sepuh, menawa anakku bakal nggoleki aku gawanana wesi turahan gawe keris iki”. Roro Upas nglahirake putra kakung, nanging Empu Pitrang ora bali kepara Jaka Supa nganti dewasa ora ana kabare.

Sawijining dina Jaka Supa ngupadi ramanipun kalih nyangking wesi turahan lakune mangidul bebasan liwat alas gung liwang liwung kang kebak eri bebandhotan. Ana ing tengah alas kraos ngelak lan luwe lajeng kendel sangandhapipun wit ageng ingkang kathah peksinipun. Jaka Supa salebetipun penggalih nguda raos bilih “manuk wae mangan woh kuwi ora mati ateges yen aku mangan ya ora mati”. Lajeng Jaka Supa dhahar uwoh menika wau. Sasampunipun dhahar woh, sedaya peksi sami ngoceh : *wuni, wuni,...* Jebule iki woh wuni. Pramila panjenenganipun paring tenger papan menika dipun sebat **KARANGWUNI**.

Sawatawis wonten ing mriku lajeng nanem waluh saged ngrembaka. Pramila papan kalawau samenika sinebat Kaki Waluh. Sasampunipun nanem

waluh panjenganipun nancepaken teken wesi, anggenipun nancepaken kaping kalih, lajeng wesi kala wau kacabut sakala thukul uwitipun Semboja kalih, uwit ingkang titi wanci punika taksih dipun pepetri lan dipun uri-uri.



Foto 17. Semboja/Pokmboja

Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni

Salajengipun saben setahun sepisan kangge nguri-uri tetenger Kaki Waluh, pramila dipun dadosaken Dumadining Dhusun Karangwuni dinten Kemis Kliwon wulan Besar pramila saben setahun sepisan dipun wonteni upacara adat utawi tradisi budaya "Rasulan" ing dinten Kemis Kliwon wulan Besar.

2. Cariyos kaping kalih miturut Harsikin (01-07-1931)

KAKI WALUH

Nalika jaman Para Wali wonten sawenehing tiyang kakung ingkang sinebat Kaki, nglembara saking tlatah Mlangse wewengkon Wonogiri. Panjenenganipun ngasta woh waluh kaliyan teken (tongkat) tindak mangilen langkung ing tlatah Bohol ugi wewengkon Wonogiri mboten wonten tiyang ingkang ngresakaken waluh kala wau, satemah penjenenganipun tindak mangilen malih dumugi ing wana tlatah Ngayogyakarta kendel ing siti Kasultanan lajeng siti wana punika dipun wastani wana Kaki Waluh.

Kaki lajeng nacepaken teken wonten ing pasiten punika, dumadakan tuwuh wit ingkang kawastanan wit Semboja ingkang tlutuhipun saged kangge tamba (obat) sakit wudun (bisul) wiwit wekdal samanten ngantos wekdal sapunika.

Sasampunipun sawetawis wekdal Kaki kraos sayah lajeng kendel wonten papan sakilenipun uwit Semboja wau kaliyan nginang (ngunyah ron suruh, gambir lan injet) lajeng saking tutukipun ngedalaken dubang utawi idu abang (idu = air liur) tumetes ing siti, dumadakan tuwah mundhung. Sasampunipun mantun sayah panjenenganipun tindak mangidul dumugi papan sakidulipun wana Kaki Waluh pinanggih tiyang dhusun dipun tawani waluhipun

ananging tiyang-tiyang wau mboten wonten ingkang purun. Awit manawi namung waluh kemawon ing ngriku sampun kathah kepara tiyang-tiyang dhusun wau sami ngudaraos namung waluh kemawon kok dipun sade, karang (pramila) sami mboten purun numbas satemah tiyang dhusun punika kawastanan kakehan uni pramila dhusun menika dipun wastani Karanguni (Karangwuni) utawi Karangwuni. Salajengipun Kaki taksih ngasta waluh tindak mangidul dumugi dhusun, ananging para warga mboten purun numbas manawi mboten angsal ningali isinipun waluh kala wau saengga tiyang-tiyang menika kesusu arep weruh pramila papan menika kawastanan Dhusun Suruh. Salajengipun Kaki nerasaken lampah mangidul-ngilen dumugi padhusunan ingkang tiyang-tiyang ing mriku dipun aturi numbas waluhipun ananging boten purun jalaran sampun gadhah waluh kathah utawi sampun sugih menawi namung waluh kemawon dados *rumaos sugih* pramila Dhusun menika dipun sebat *Semugih*. Kaki nerasaken lampah malih mangidul-ngilen dumugi padhusunan lajeng waluh gadhahanipun Kaki dipun tumbas tiyang dhusun menika sareng waluh wau dipun bencah isinipun emas saged dipun sebat bilih waluh *isi ono* emas pramila dhusun menika kawastanan Dhusun Siono (*Siyono*).

PETILASAN

a. Gunung Seruni lan Gunung Genjik

Nalika semanten papan menika dipun agem Eyang Braja Kerti bebedhag kewan genjik. Genjik menika wau mlayu saking Gunung Seruni lajeng kecepeng wonten ing Gunung Genjik. Eyang Braja Kerti nalika dumugi papan kasebat dipun dhawuhi Prabu Brawijaya II utawi Prabu Hayam Wuruk supados bendung menawi wonten mengsah saking kilen. Panjenenganipun kaleres putranipun Eyang Braja Denta saking tlatah Majapahit.



Foto 18. Gunung Seruni (kiwa) Gunung Genjik (tengen)

Sumber: Padukuhlan Karangwuni

b. Gunung Panji

Kasebat Gunung Panji amargi nalika rumiyin papanipun kangge sesirih Prabu Panji Asmara Bangun utawi Inu Kerta Pati saking Jenggala kaleres garwanipun Putri Kencana Wungu.



*Foto 19. Gunung Panji
Sumber: Padukuhan Karangwuni*

c. Gunung Tanjung lan Song Terus

Kekalih papan menika nalika semanten dipun agem Eyang Braja Kerti kangge gegladhen prajurit saking karang pradesan kangge njagi menawi wonten mengsah saking kilen. Mepet Gunung Tanjung iring kidul wonten papan (lapangan) ingkang saged kangge gegladhen para prajurit dene Gunung Song Terus iring kidul wonten song (Goa) tembus iring wetan ingkang nalika rumiyin asring kangge langkung para prajurit nitih turangga.



*Foto 20. Gunung Tanjung (kiri) lan Song Terus (tengen)
Sumber: Padukuhan Karangwuni*

3. Cariyos kaping tiga miturut Susilo Wardoyo (09-08-1943)

Pemerintahan Desa utawi Pemerintahan Kalurahan Karangwuni menika mapanipun wonten ing Padukuhan Karangwuni pramila kawastanan Desa Karangwuni utawi Kalurahan Karangwuni.

Kalurahan Karangwuni menika wonten 10 (sedasa) Dhusun (Padukuhan) kanthi urutan:

1. Karangwuni
2. Pampang
3. Tirisan
4. Sriten
5. Ngejring
6. Ngerong
7. Suruh
8. Kerdonmiri
9. Saban
10. Duwet

Saking sedasa dhusun menika gadhah adat utawi tradhisi budaya piyambak-piyambak ananging wonten ugi adat tradhisi ingkang sami inggih menika "*Rasulan*" ingkang dipun lampahi setahun sepisan wekdalipun wonten ingkang sareng ananging ugi wonten ingkang boten sareng. Kados Dhusun Ngerong, Ngejring lan Tirisan *Rasulan* ing dinten Minggu Wage wulan Syawal utawi Besar lajeng Dhusun Sriten *Rasulan* ing dinten Senin Pahing wulan jawi Besar, Dhusun Pampang *Rasulan* ing dinten Senin Pahing wulan jawi Syawal utawi Besar, Dhusun Karangwuni, Suruh lan Saban *Rasulan* ing dinten Kemis Kliwon wulan jawi Besar. Kerdonmiri *Rasulan* dinten Rebo Kliwon wulan jawi Besar, Duwet *Rasulan* dinten Senin Kliwon wulan jawi Besar.

Adat utawi tradisi ingkang taksih dipun uri-uri dipun lestantunaken ing Dhusun-dhusun menika dinten lan wulanipun saged kangge adeging utawi dumadining Dhusun salajengipun Dhusun Karangwuni pinangka papan kangge pusat Pemerintahan Kalurahan Karangwuni. Tradhisi *Rasulan* dipun uri-uri minangka pengetan Dumadining Dhusun.

Jaman Belanda Daendeles Govermen (Pemerintahan) Kalurahan Karangwuni dipun asta dening satunggaling Demang (Lurah) Karangwuni

(....-1916) piyantun saking Bedoyo. Lajeng Bagian-bagianipun wonten 5 (gangsals) inggih menika:

1. Jogoboyo (Jagabaya),
2. Jogomirudo (Jagamiruda),
3. Modin,
4. Bekel utawi Cengkek,
5. Bayan utawi Kamituwo.

Pemerintah Kalurahan Karangwuni mbudi daya amrih saged netepaken Sejarah Kalurahan Karangwuni, pramila kawiwitan tahun 2018 sampun pados sisik melik kangge nemtokaken Sejarah Kalurahan Karangwuni. Para Pamerti Sejarah nate tumut bimbingan teknik utawi latihan wonten ing tingkat Kabupaten Gunungkidul ingkang dipun wontenaken saking Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) Kabupaten Gunungkidul, lajeng wawan rembag kaliyan para pinisepuh ing wewengkon Karangwuni, ngawontenaken meditasi ing Balai Kalurahan Karangwuni ingkang dipun pangarsani saking Dinas Kebudayaan Kabupaten Gunungkidul.

Sedaya usada menika murih sagedipun nyerat Sejarah Kalurahan Karangwuni sinaosa miterat pamanggihipun para winasis minangka narasumber sanadyan benten-benten panemu ananging saged kapethik intisarinipun bilih Dumadining Desa utawi Kalurahan Karangwuni menika wonten wiwit jaman gesangipun Para Wali (Wali Sanga) mliginipun Sunan Kali Jaga sinaosa rikala semanten dereng wonten Pemerintahan

Kalurahan Karangwuni. Para pinisepuh, para pamong kalurahan, para lembaga, para tokoh lan masarakat sami sepakat tuwin sarujuk bilih *Dumadining Kalurahan Karangwuni* saged dipun tetepaken ing dinten "*Rabu Pahing Surya kaping 17 Mei 1916 Masehi utawi 14 Rejeb 1846 Saka, utawi 14 Rajab 1334 Hijrah*".

BAB III

KARANGWUNI KANG DIAYOMI

“Urip iku kudu urup” (Sunan Kalijaga, Wali Sanga).

Saking benten-benten pemanggih cariyos ingkang dipunrembag wonten ing saderengipun, katingal bilih Kalurahan Karangwuni menika dipun ayomi Gusti Kang Murbeng Dumadi ngantos dumugi samenika.

Tepa Selira

Samenika Kalurahan Karangwuni dados kalurahan ingkang Gemah Ripah Loh Jinawi, Tata Tentrem Karta Raharja. Tegal ingkang wiyar sami ijo royo-royo pantunipun para tani. Radosan ingkang alus tuwin wiyar gampilaken para tani ugi para warga anggenipun makarya.

Cariyos ingkang benten-benten babagan Dumadining Kalurahan Karangwuni boten dadosaken masarakat sulaya, awit raos tepa salira ingkang inggil saged jagi pasrawungan, satemah saged ngraosaken kabingahan, katentreman lan karaharjan.

Urip Iku Kudu Urup

Menawi dipun mangertosi kanthi menep, sejatosipun pituah ingkang wonten cariyos punika sami kaliyan pituahipun Kanjeng Sunan Kali Jaga, bilih urip menika kedah urup (gesang menika kedah ngurakabi)

boten pilih kasih, boten daksia, boten sawenang-wenang, boten adigang adigung adiguna, kedah piguna tumraping liyan satemah saged gesang bebrayan kanthi remen.

Sedaya warga masarakat saged nindakaken pedamelanipun piyambak-piyambak kanthi ikhlas, mituhu, jujur, cekatan, panggah, saged dipun pitados lan tanggeljawab.

Mawerni-werni pakaryan ingkang dipun lampahi warga masarakat antawisipun olah tetanen, bebakulan, wiraswasta, pegawai negeri, pamong, pegawai swasta, buruh, tukang lan sanes-sanesipun supados saged pikantuk hasil, satemah kabetahan gesang saged kacekapan.

Salajengipun kangge sedaya warga masarakat wewengkon ing Kalurahan Karangwuni, Kapanewon Rongkop, Kabupaten Gunungkidul, Daerah Istimewa Ngayogyakarta, Negari Indonesia tuwin Manca Negara saged dipun mangertosi menggah urutaning Lurah ing Kalurahan Karangwuni ngantos Lembaga ing Kalurahan Karangwuni ingkang kaserat ing salajengipun menika.

URUTANING LURAH ING KALURAHAN KARANGWUNI

Nalika jamanipun Sri Sultan Hamengkubuwana IV anggenipun jumeneng nata warsa 1814-1822 wonten satunggaling demang ingkang kasebat Demang Kromo Dikara kaleres Demang Semugih. Rikala semanten tlatah Karangwuni mlebet Kademangan Semugih. Sasampunipun Demang Kromo Dikara dipun gantos Demang Sura Kerti saking tlatah Pleret mundhi dhawuhipun Sri Sultan Hamengkubuwana VII. Sri Sultan Hamengkubuwana VII jumeneng warsa 1877 dumugi 1921, dene Demang Sura Kerti anggenipun ngasta watawis warsa 1877 dumugi 1907. Salajengipun ingkang dados bekel sepisan wonten ing Karangwuni inggih menika Bekel Suro Dinomo (1907-1916) ingkang ndhawuhi Sri Sultan Hamengkubuwana VII. Anggenipun ngasta watawis sangang taun. Salajengipun ingkang nglajengaken Lurah Suro Semito wiwit taun 1916. Miturut Susilo Wardoyo (09-08-1943) bilih lurah ingkang ngasta wonten ing Kalurahan Karangwuni inggih menika:

1. Lurah sepisan Suro Semito (1916 dumugi 1926)

Lurah sepisan Suro Semito (1916-1926)
Carikipun Sastro Hardjo (1916-1926) wonten Bayan (Dhukuh) cacah sedasa, inggih menika:

Karangwuni, Pampang, Tirisan, Sriten, Ngejring, Ngerong, Suruh, Kerdonmiri, Saban, Duwet.

Wewengkon Kerdon Gremet dados setunggal kaliyan Pampang, ewadene Jlubang dados setunggal kaliyan Ngerong lajeng Dilem dados setunggal kaliyan Ngejring.

2. Lurah kaping kalih Sastro Hardjo (1926-1946).



Foto 21. Lurah Sastro Hardjo

Sumber: Sularta Karangwuni

Nalika Lurahipun Sastro Harjo punjering pamarentahan nate wonten Pampang, pramila Sastro Hardjo kawentar sinebat Lurah Pampang dene Carikipun Karman (Hardjono Sastro) piyantun asli saking Pucung. Dene dhusunipun wonten sedasa, kaasta dening sedasa Kamitua utawi Bayan ugi Jogomirudo, inggih menika:

1. Jogoboyo Karangwuni Sono Karso
2. Jogomirudo Kerdonmiri Katam Suwito Dikromo
3. Jogomirudo Karangwuni Mento Kromo
4. Kamituwa Saban Wono Semito

5. Kamituwa Sriten Wono Karso
6. Bayan Duwet Ardjo Widjojo
7. Bayan Suruh Marto Suwardjo
8. Bayan Kerdon gremet Suro Taruno
9. Bayan Ngejring Singo Karso
10. Bayan Jlubang Wono Sentono

Tahun 1946 Kerdon gremet dados setunggal kaliyan Tirisan, ewadene Jlubang dados setunggal kaliyan Ngejring lajeng Dilem dados setunggal kaliyan Ngerong.

3. Lurah kaping tiga Hardjono Sastro (Sukarman utawi Radyo Hardjono) (1946-1982)



Foto 22. Hardjono Sastro (Sukarman utawi Radyo Hardjono)

Sumber: Sularta Karangwuni

Radyo Hardjono taun 1953 dipun paringi gelar saking Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat R.Ng. (Raden Ngabehi) satemah asmanipun dados R.Ng. Radyo Hardjono dene Carikipun Saono. Lajeng Kepala Bagian Keamanan Tirto Suwito, Kepala

Bagian Kemakmuran Siswo Prayitno, Kepala Bagian Sosial Susilo Wardoyo, Kepala Bagian Agama (Kaum) Kasan Rejo (1946 dumugi 1950) dipun gantos Harsikin (1950 dumugi 1965) lajeng dipun gantos Ngatno (Maryadi) (1965 dumugi 1998), Pembantu Pamong Sukiran Padmo Siswoyo (1952 dumugi 1965) dipun gantos Suparmo (1965 dumugi 1999) (Pembantu Pamong dipun rebah dados Kepala Urusan Umum), dene pinangka staf/Wira-wiri Kino Karso Setiko lajeng Bayan ugi Kamituwa dipun rebah dados Dukuh utawi Kepala Dusun dene Dukuh Kerdonmiri Wiryo dipun gantos Sukirin, Kamituwa Saban Wono Semito lajeng Kamituwa dipun gantos dados Dukuh Saban Sularto, Dukuh Duwet Atmo Suwardjo sasampunipun purna dipun gantos Suparta, Dukuh Suruh Marto Suwardjo, Dukuh Karangwuni Warno Semito sasampunipun purna lajeng dipun gantos Warman, Dukuh Pampang Miling sasampunipun purna dipun gantos Sakimin, Dukuh Tirisan Prapto sasampunipun purna dipun gantos Sutarno, Dukuh Sriten Tirejo sasampunipun purna lajeng dipun gantos Sarkam, Dukuh Ngejring Saono sasampunipun dados carik dipun gantos Hadi Prayitno, Dukuh Ngerong Sowiyono sasampunipun purna lajeng dipun gantos Mislam.

Nalika tetuwangganipun Lurah Radyo Hardjono ing taun 1977 Kalurahan Karangwuni pikantuk Juara I Lomba Panca Marga.

4. Penjabat / Pj. Lurah kaping sekawan Susilo Wardoyo
(9 Juli 1982-24 September 1984)



Foto 23. Susilo Wardoyo

Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni

Nalika Penjabat Lurah Susilo Wardoyo para punggawa desa taksih sami nalika Lurahipun dipun asto R.Ng. Radyo Hardjono.

5. Lurah Desa Kaping gangsal Sularno (1984-2004)



Foto 24. Sularno

Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni

Wiwit taun 1987 istilah Lurah Desa dipun gantos Kepala Desa ngantos taun 1995 lajeng wangsul malih dados Lurah Desa ngantos taun 2001 Carikipun

Saono (Carik dipun gantos Sekretaris Desa) Tahun 2003 lajeng dipun gantos Tri Joko Istanto, Kepala Bagian Pemerintahan Tirta Suwito lajeng dipun gantos Panular, Kepala Bagian Kemakmuran Siswo Prayitno (istilah kemakmuran dipun gantos Pembangunan) lajeng dipun gantos Sunarno, Kepala Bagian Keuangan Susilo Wardoyo lajeng dipun gantos Supriyanto, Kepala Bagian Kesejahteraan Ngatno lajeng dipun gantos Andarta, Kepala Bagian Umum Suparmo lajeng dipun gantos Ibu Atik Nurhayati, Tahun 2002 wonten jabatan enggal ing Punggawa Desa inggih punika Sekretaris Badan Perwakilan Desa (BPD) Eka Supriyanta (Tahun 2008 istilah Sekretaris BPD dipun konversi/gantos Kepala Urusan Perencanaan dumugi samenika), Staf Desa wonten 3 (tiga) Rakino, Saino, Sutaryono, Dukuh Kerdonmiri Sukirin, Dukuh Saban Sularto, Dukuh Duwet Suparta, Dukuh Suruh Warsito, Dukuh Karangwuni Musita, Dukuh Pampang Miling lajeng dipun gantos Sakimin, Dukuh Tirisan Sutarno, Dukuh Sriten Sularta, Dukuh Ngejring Adi Prayitno lajeng dipun gantos Wasito, Dukuh Ngerong Mislam.

6. Kepala Desa kaping enem Mugi Basuki, S.IP (2004-2014)



Foto 25. Mugi Basuki, S.IP

Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni

Nalika Kepala Desa Mugi Basuki, S.IP Sekretaris Desa Tri Joko Istanto Kepala Bagian Pemerintahan Panular, Kepala Bagian Pembangunan Sunarno, Kepala Bagian Kesejahteraan Andarta lereh lajeng dipun gantos Penjabat/Pj. Kepala Bagian Kesejahteraan Ibu Atik Nurhayati, lajeng wonten pengisian ingkang dados Kepala Bagian Kesejahteraan Ari Yuli Endarto, Kepala Bagian Umum Ibu Atik Nurhayati (Tahun 2007 istilah Kepala Bagian Umum dipun konversi/gantos Kepala Urusan Umum), Kepala Urusan Perencanaan Eka Supriyanta, Kepala Bagian Keuangan Supriyantoyo (Tahun 2007 istilah Kepala Bagian Keuangan dipun konversi/gantos Kepala Urusan Keuangan), Dukuh Kerdonmiri Sukirin, Dukuh Saban Sularto, Dukuh Duwet Suparta, Dukuh Suruh Warsito, Dukuh

Karangwuni Musita, Dukuh Pampang Sakimin, Dukuh Tirisan Sutarno lajeng dipun gantos Sadpril Dwi Kustaya, Dukuh Sriten Sularta, Dukuh Ngejring Wasito, Dukuh Ngerong Mislam, Staf Desa wonten 3 (tiga) Rakino lajeng dipun gantos Winarso, Saino, Sutaryono.

7. Penjabat/Pj. Kepala Desa kaping pitu Tri Joko Istanto, S.IP (2014-2015)



Foto 23. Tri Joko Istanto, S.IP

Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni

Tri Joko Istanto, S.IP minangka Sekretaris Desa ugi hangasto Penjabat Kepala Desa, lajeng Kepala Bagian Pemerintahan Panular, Kepala Bagian Pembangunan Sunarno, Kepala Bagian Kesejahteraan Ari Yuli Endarto, Kepala Urusan Umum, Ibu Atik Nurhayati, Kepala Urusan Perencanaan Eka Supriyanta, S.Pd, Kepala Urusan Keuangan Supriyantoyo, Dukuh Kerdonmiri Sukirin, Dukuh Saban Sularto, Dukuh Duwet Suparta, Dukuh Suruh

Warsito, Dukuh Karangwuni Musita, Dukuh Pampang Sakimin, Dukuh Tirisan Sutarno lajeng dipun gantos Sadpril Dwi Kustaya, Dukuh Sriten Sularta, Dukuh Ngejring Wasito, Dukuh Ngerong Mislam sasampunipun purna lajeng dipun gantos Didik Handriyanta, Staf Desa wonten 3 (tiga) Rakino sasampunipun purna lajeng dipun gantos Winarso, Saino, Sutaryono.

8. Kepala Desa kaping wolu Suparta, S.Pd (2015-samenika)



Foto 24. Suparta, S.Pd

Sumber: Pemerintah Kalurahan Karangwuni

Nalika Kepala Desa Suparta, S.Pd, Sekretaris Desa Tri Joko Istanto, S.IP awit ing Tahun 2008 Tri Joko Istanto, S. IP pinangka Sekretaris Desa dipun angkat dados Pegawai Negeri Sipil (PNS) ingkang tugasipun wonten Desa Karangwuni, Kepala Bagian Pemerintahan Panular, Kepala Bagian Pembangunan Sunarno, Kepala Bagian Kesejahteraan Ari Yuli

Endarto, Kepala Urusan Umum Ibu Atik Nurhayati, Kepala Urusan Perencanaan Eka Supriyanta, S.Pd, Kepala Urusan Keuangan Supriyantoyo, Dukuh Kerdonmiri Sukirin sasampunipu purna lajeng dipun gantos Pelaksana tugas/Plt. Dukuh Kerdonmiri Ibu Atik Nurhayati. Sasampunipun dipun wonteni pengisian Dukuh Kerdonmiri ingkang sasap saged dipun winisuda dados Dukuh Kerdonmiri Pandoyo Viknanto. Dukuh Saban Mudiyanan sasampunipun dipun angkat dados Pegawai Negeri Sipil (PNS) lajeng dipun gantos Pelaksana tugas/Plt. Ari Yuli Endarto, Sasampunipun dipun wonteni pengisian Dukuh Saban ingkang sasap saged dipun winisuda dados Dukuh Saban Dahlan Hariwibowo. Dukuh Duwet Suparta lajeng piyambakipun nyawung Kepala Desa saged sasap pinilih dening warga masarakat Desa Karangwuni pramila Pelaksana tugas/Plt. Dukuh Duwet Eka Supriyanta, S.Pd, amung kemawon Tri Joko Istanto, S.IP pinangka Sekretaris Desa wiwit surya 25 Agustus 2016 dipun pindah tugasipun ing Kabupaten Gunungkidul, pramila Penjabat/Pj. Sekretaris Desa Eka Supriyanta, S.Pd (1 September 2016 dumugi 23 Juli 2017) pramila Pelaksana Tugas/Plt. Dukuh Duwet gantos Sunarno. Sasampunipun dipun wonteni pengisian Dukuh Duwet ingkang sasap saged dipun winisuda dados Dukuh Duwet Syamsul Rodhi, A.Md, Dukuh Suruh

Warsito, Dukuh Karangwuni Musita, Dukuh Pampang Sakimin, Dukuh Tirisan Sadpril Dwi Kustaya, Dukuh Sriten Sularta, Dukuh Ngejring Wasito, Dukuh Ngerong Didik Handriyanta, Staf Desa wonten 3 (tiga) Winarso, Saino sasampunipun purna lajeng dipun wonteni pengisian staf ingkang dados Diyah Mustikasari, Sutaryono sasampunipun purna lajeng dipun wonteni pengisian staf ingkang dados Benni Moharom. Dukuh Sriten Sularta ing suryo 18 Maret 2019 piyambakipun seda pramila dipun gantos Pelaksana tugas/Plt. Dukuh Sriten Panular. Sasampunipun dipun wonteni pengisian Dukuh Sriten ingkang sasap saged dipun winisuda dados Dukuh Sriten Pramono Aris Sutanto ingkang dipun lantik dinten Jum'at surya 20 Desember 2019. Tanggal 13 September 2020 Dukuh Pampang purna pramila Pelaksana tugas/Plt. Supriyantoyo.

Pamong Kalurahan, BPK lan Lembaga Kalurahan

a. Pamong Kalurahan Karangwuni

No	Nama	Jabatan	Alamat
1	Suparta, S.Pd	Lurah	Duwet
2	Ari Yuli Endarto, S.I.P	Carik	Karangwuni
3	Panular	Jagabaya	Karangwuni
4	Sunarno	Ulu-ulu	Karangwuni
5	Indra Dwi Rustanto, S.Pd	Kamituwa	Duwet
6	Atik Nurhayati, S.I.P	Kaur. Tata Laksana	Kerdonmiri
7	Eka Supriyanta, S.Pd	Kaur. Pangripta	Karangwuni
8	Supriyantoyo	Kaur. Danarta	Pampang
9	Pandoyo Viknanto	Dukuh Kerdonmiri	Kerdonmiri
10	Dahlan Hariwibowo	Dukuh Saban	Saban
11	Syamsul Rodhi, A.Md	Dukuh Duwet	Duwet
12	Warsito	Dukuh Suruh	Suruh
13	Musito	Dukuh Karangwuni	Karangwuni
14	Supriyantoyo	Plt.Dukuh Pampang	Pampang
15	Sadpril Dwi Kustaya	Dukuh Tirisan	Tirisan

16	Pramono Aris Sutanto	Dukuh Sriten	Sriten
17	Wasito	Dukuh Ngejring	Ngejring
18	Didik Handriyanta	Dukuh Ngerong	Ngerong
19	Winarso	Staff Kalurahan	Saban
20	Diyah Mustikasari	Staff Kalurahan	Saban
21	Benni Moharom	Staff Kalurahan	Kerdonmiri

b. Badan Permusyawaratan Kalurahan (BPK) (2019-2024)

No	Nama	Jabatan	Alamat
1	Sarwa	Ketua	Suruh
2	Supiyo	Wakil Ketua	Duwet
3	Suparjo, S.Pd.SD	Sekretaris	Kerdonmiri
4	Slamet Sunarto	Ket. Bid. Penyelenggaraan Pemerintahan Kalurahan Pembinaan Kemasyarakatan	Saban
5	Suparlan	Ket. Bid. Pembangunan Kalurahan dan	Sriten

		Pemberdayaan Masyarakat Kalurahan	
6	Sukrisnanto	Anggota	Karangwuni
7	Kasna	Anggota	Pampang
8	Sularto	Anggota	Ngerong
9	Siti Aminawati	Anggota	Ngejring

c. Lembaga Kalurahan

1. LPMK (Lembaga Pemberdayaan Masyarakat Kalurahan)

- a. Jumlah pengurus : 11 orang
- b. Jumlah anggota : 21 orang

2. TP PKK

- a. Jumlah pengurus : 32 orang
- b. Jumlah anggota : 768 orang

3. Karang Taruna

- a. Jumlah pengurus : 31 orang
- b. Jumlah anggota : 249 orang

4. RT/RW

- a. Jumlah RW : 10 RW
- c. Jumlah RT : 38 RT

SUSUNAN PENGURUS LPMK
(2014 – 2020)

NO	NAMA	JABATAN	ALAMAT
1	Sariman	Ketua	Saban
2	Mugi Basuki	Sekretaris 1	Pampang
3	Siti Aminawati	Sekretaris 2	Ngejring
4	Kasno	Bendahara I	Duwet
5	Sagimin	Bendahara II	Tirisan
6	Sugito	Seksi Prasarana Wilayah	Suruh
7	Sularto	Seksi Perekonomian Dan Kesra	Karangwuni
8	Yadi Winarno	Sekse Ketentraman Dan Ketertiban	Sriten
9	Imah Nuryani	Seksi Pemberdayaan Perempuan	Kerdonmiri
10	Ngatman	Seksi Pemuda Dan OR	Kerdonmiri
11	Parja	Seksi Agama Dan Kebudayaan	Ngerong

**SUSUNAN PENGURUS TP. PKK KALURAHAN
(2015 - 2021)**

No	Nama	Jabatan
1.	Sri Mulyani	Ketua Umum
2.	Emiyatini	Ketua 1
3.	Supiyah	Ketua 2
4.	Sudaryatini	Ketua 3
5.	Tri Sumarsini	Ketua 4
6.	Irianti	Sekretaris 1
7.	Sulistiyawati	Sekretaris 2
8.	Samijah	Sekretaris 3
9.	Sukemi	Bendahara 1
10.	Suparsiyati	Bendahara 2
11.	Partini	Bendahara 3
12.	Asih Widayati	Ketua Pokja I
13.	Sri Wardani	Sekretaris Pokja I
14.	Dwi Kustiarini	Bendahara Pokja I
15.	Warsini	Anggota Pokja I
16.	Supriyatini	Anggota Pokja I
17.	Suparni	Anggota Pokja I
18.	Suswaningsih	Ketua Pokja II
19.	Iin Laraswati	Sekretaris Pokja II
20.	Suwarti	Bendahara Pokja II
21.	Sri Ismiyati	Anggota Pokja II
22.	Purwati	Ketua Pokja III
23.	Sunartini	Sekretaris Pokja III

24.	Tri Haryati	Bendahara Pokja III
25.	Sri Rahayu	Anggota Pokja III
26.	Suwanti	Anggota Pokja III
27.	Warini	Ketua Pokja IV
28.	Satirah	Sekretaris Pokja IV
29.	Sulismiyati	Bendahara Pokja IV
30.	Warsiti	Anggotapokja IV
31.	Ninik Maryani	Anggotapokja IV

SUSUNAN PENGURUS KARANG TARUNA (2021 - 2024)

- Ketua : 1. Kingkin Puji Hastuti, S.Pd
2. Danang Ari Susilo
- Sekretaris : 1. Arif Rismantara Wibawa, S.KM
2. Titik Dian Wulandari
- Bendahara : 1. Claudia Artaninda
2. Anisa Febriyantini
- Bidang/Devisi : 1. Seni dan Kebudayaan
a. Rian Edi Istanta
b. Yasinta Agata C.
c. Alvina Sinta Dewi
d. Wiranti Putri
2. Keagamaan
a. Fathul Hanifah
b. Titi Lumiyatasari
c. Hidayati Ekasari

3. Olahraga
 - a. Shela Adeyani
 - b. Dano
 - c. Suratno
 - d. Rita Yuniarti
4. Humas
 - a. Elis Supiyanto
 - b. Suparwanto
 - c. Alfina Berliana Febriyanti
5. Keamanan
 - a. Gilang Samodra P.
 - b. Fahjar Nuryanto
 - c. Wisnu Putra Aji
6. Lingkungan Hidup dan
Kepariwisataa
 - a. Endah Dwi N.
 - b. Anandwi Jati
 - c. Azis Aprilianto
7. Teknologi Informasi
 - a. Danang Wahyu R.
 - b. Novi Wahyuni
 - c. Destiana Wulansari

SUSUNAN PENGURUS RW RT (2018 - 2023)

NO	PADUKUHAN	NAMA	JABATAN
1	Kerdonmiri	Rudi Agus Zaenal	Ketua RW 001
2	Kerdonmiri	Mujiman	Ketua RT 001
3	Kerdonmiri	Triyono Budi Raharjo	Sekretaris RT 001
4	Kerdonmiri	Setyadi Gunawan	Bendahara RT 001
5	Kerdonmiri	Umar Sayid	Ketua RT 002
6	Kerdonmiri	Sumaryana	Sekretaris RT 002
7	Kerdonmiri	Budi Santosa	Bendahara RT 002
8	Kerdonmiri	Yusuf Sunarjatta, BA	Ketua RT 003
9	Kerdonmiri	Petrus Sutarji	Sekretaris RT 003
10	Kerdonmiri	Paelan	Bendahara RT 003
11	Kerdonmiri	Buyari	Ketua RT 004
12	Kerdonmiri	Tugino	Sekretaris RT 004
13	Kerdonmiri	Sutarman	Bendahara RT 004
14	Saban	Mudiyana	Ketua RW 002
15	Saban	Supiyo, SH	Ketua RT 005
16	Saban	Sunardi, S.Pd	Sekretaris RT 005
17	Saban	Suyahman, S.Pd	Bendahara RT 005
18	Saban	Waluyo	Ketua RT 006
19	Saban	Eko Sudarmanto	Sekretaris RT 006
20	Saban	Sulasno	Bendahara RT 006
21	Saban	Sunarta	Ketua RT 007
22	Saban	Tarno	Sekretaris RT 007
23	Saban	Rukimin	Bendahara RT 007
24	Saban	Widiyanto	Ketua RT 008
25	Saban	Kardiyono, MM	Sekretaris RT 008
26	Saban	Dano	Bendahara RT 008

27	Duwet	Sunarto	Ketua RW 003
28	Duwet	Paimo	Ketua RT 009
29	Duwet	Wasiran	Sekretaris RT 009
30	Duwet	Ari Sugiyarto	Bendahara RT 009
31	Duwet	Gimo	Ketua RT 010
32	Duwet	Mundhi Rahino	Sekretaris RT 010
33	Duwet	Kisno	Bendahara RT 010
34	Duwet	Kliwon Suparso	Ketua RT 011
35	Duwet	Supomo	Sekretaris RT 011
36	Duwet	Wartono	Bendahara RT 011
37	Duwet	Pujianta, S.Kep	Ketua RT 012
38	Duwet	Ikhsan Safari, M.Pd	Sekretaris RT 012
39	Duwet	Pepeng Pargito	Bendahara RT 012
40	Suruh	Sugito	Ketua RW 004
41	Suruh	Wasiran	Ketua RT 013
42	Suruh	Suramin	Sekretaris RT 013
43	Suruh	Parjan	Bendahara RT 013
44	Suruh	Siamto	Ketua RT 014
45	Suruh	Supriyanto	Sekretaris RT 014
46	Suruh	Mistar	Bendahara RT 014
47	Suruh	Sastro Sumaryo	Ketua RT 015
48	Suruh	Paito	Sekretaris RT 015
49	Suruh	Triyana	Bendahara RT 015
50	Suruh	Wakimin	Ketua RT 016
51	Suruh	Sularno	Sekretaris RT 016
52	Suruh	Palimin	Bendahara RT 016
53	Karangwuni	Sugiyarto	Ketua RW 005
54	Karangwuni	Mokh Dorie Syafrudin	Ketua RT 017

55	Karangwuni	Samto Edi Pramono	Sekretaris RT 017
56	Karangwuni	Sugiyarto	Bendahara RT 017
57	Karangwuni	Sunarto	Ketua RT 018
58	Karangwuni	Riyanto	Sekretaris RT 018
59	Karangwuni	Suripto	Bendahara RT 018
60	Karangwuni	Dwiyanto, S.Pd	Ketua RT 019
61	Karangwuni	Sugiran	Sekretaris RT 019
62	Karangwuni	Purwanto	Bendahara RT 019
63	Karangwuni	Sutarto	Ketua RT 020
64	Karangwuni	Sukrisnanto	Sekretaris RT 020
65	Karangwuni	Rubiyanto	Bendahara RT 020
66	Pampang	Paijo	Ketua RW 006
67	Pampang	Tumino	Ketua RT 021
68	Pampang	Misno	Sekretaris RT 021
69	Pampang	Kasto	Bendahara RT 021
70	Pampang	Yatimin	Ketua RT 022
71	Pampang	Panut	Sekretaris RT 022
72	Pampang	Suparno	Bendahara RT 022
73	Pampang	Wasikin	Ketua RT 023
74	Pampang	Yanto Rejo	Sekretaris RT 023
75	Pampang	Prapto Suwito	Bendahara RT 023
76	Pampang	Sugiyanto	Ketua RT 024
77	Pampang	Suratman	Sekretaris RT 024
78	Pampang	Haryanto	Bendahara RT 024
79	Tirisan	Sagiran	Ketua RW 007
80	Tirisan	Sarno	Ketua RT 025
81	Tirisan	Samto	Sekretaris RT 025
82	Tirisan	Parmin	Bendahara RT 025

83	Tirisan	Riyanto	Ketua RT 026
84	Tirisan	Suharyadi	Sekretaris RT 026
85	Tirisan	Heri Marwanto	Bendahara RT 026
86	Sriten	Subarno	Ketua RW 008
87	Sriten	Suliman	Ketua RT 027
88	Sriten	Agus Widada	Sekretaris RT 027
89	Sriten	Tamano	Bendahara RT 027
90	Sriten	Subagiyo	Ketua RT 028
91	Sriten	Suprihatin	Sekretaris RT 028
92	Sriten	Wakidi	Bendahara RT 028
93	Sriten	Sukino	Ketua RT 029
94	Sriten	Trimono	Sekretaris RT 029
95	Sriten	Kisdiyanto	Bendahara RT 029
96	Sriten	Triyono	Ketua RT 030
97	Sriten	Kasimin, M.Pd.I	Sekretaris RT 030
98	Sriten	Sunarno	Bendahara RT 030
99	Ngejring	Sukatmo	Ketua RW 009
100	Ngejring	Wasito	Ketua RT 031
101	Ngejring	Suyadi	Sekretaris RT 031
102	Ngejring	Roniyanta	Bendahara RT 031
103	Ngejring	Ngadimin	Ketua RT 032
104	Ngejring	Sularno	Sekretaris RT 032
105	Ngejring	Sarwiyanto	Bendahara RT 032
106	Ngejring	Tariyo	Ketua RT 033
107	Ngejring	Parno	Sekretaris RT 033
108	Ngejring	Tarno	Bendahara RT 033
109	Ngejring	Sahiran	Ketua RT 034
110	Ngejring	Tumpo	Sekretaris RT 034

111	Ngejring	Pandak	Bendahara RT 034
112	Ngerong	Tukidja	Ketua RW 010
113	Ngerong	Mujiyono	Ketua RT 035
114	Ngerong	Rakiyo	Sekretaris RT 035
115	Ngerong	Misdi	Bendahara RT 035
116	Ngerong	Sularto	Ketua RT 036
117	Ngerong	Tukiyo	Sekretaris RT 036
118	Ngerong	Yatno Suwito	Bendahara RT 036
119	Ngerong	Saino	Ketua RT 037
120	Ngerong	Suparlan	Sekretaris RT 037
121	Ngerong	Suratno	Bendahara RT 037
122	Ngerong	Sumaryoto	Ketua RT 038
123	Ngerong	Tukin	Sekretaris RT 038
124	Ngerong	Parto	Bendahara RT 038

BAB IV

AJA DUMEH

“Amrih Begja Kudu Sumeleh” (pitutur Jawi).

Pitutur Jawi ngantos dumugi samenika dipun ugemni dening warga masarakat Kalurahan Karangwuni. Menika saged kita tingali anggenipun sami bebrayan agung tansah golong gilig nyawiji ambangun desa sesarengan sedaya prekawis ingkang wonten dipun rembag kanthi musawarat boten ngunggulaken pamanggih setunggal lan setunggalipun.

Seratan Buku Sejarah Kalurahan Karangwuni, Kapanewon Rongkop menika taksih wiwitan. Pramila taksih kathah kekuranganipun. Panyaruwe menggah saenipun seratan menika dipun betahaken jer ingkang asifat ngleresaken utawi nambahi tuwin ndandosi kangge linangkung sampurnanipun seratan menika.

SUMBER LAN NARASUMBER

Sumber

1. Sumber Informasi Data atau Sistem Informasi Desa (SID) Kalurahan Karangwuni tahun 2020.
2. Monografi Kalurahan Karangwuni 31 Maret 2021.
3. Peta Kalurahan Karangwuni.
4. Surat Keputusan Lurah Karangwuni.

Nara Sumber

	Sutarmo Lahir di Gunungkidul, 1 Juli 1953 Pendidikan : SPMA Alamat : Karangwuni 017/005, Karangwuni, Rongkop, Gunungkidul
	Harsikin Lahir di Gunungkidul, 1 Juli 1931 Pendidikan : Sekolah Rakyat Alamat : Karangwuni 017/005, Karangwuni, Rongkop, Gunungkidul



Susilo Wardoyo

Lahir di Gunungkidul, 9
Agustus 1943

Pendidikan : Sekolah
Rakyat

Alamat : Saban
007/002, Karangwuni,
Rongkop, Gunungkidul



Panyerat lan Editor
Kalurahan

Eka Supriyanta, S.Pd

Alamat : Karangwuni,
019/005 Karangwuni,
Rongkop, Gunungkidul

"AJA LALI MARANG PURWA DUKSINA"

Raos syukur konjuk dhumateng Gusti Allah ingkang paring rahmat satemah buku dumadining Kalurahan Karangwuni saged kadamel. Buku menika nyariyosaken Dumadining Kalurahan Karangwuni ingkang kaserat ngginakaken basa Jawa krama madya.

Sedaya cariyos kaimpun saking para sesepuh kalurahan, pamong kalurahan, tuwin para winasis babagan seni kabudayan Jawa. Wonten ing BAB I dipun awiti babagan kawontenan Kalurahan Karangwuni ing wekdal menika, inggih wiyaripun, para warga, pakaryan, agami, pawiyatan, tuwin adat tradhisi ingkang taksih lumampah ngantos wekdal menika.

Wonten ing BAB II dipun cariyosaken babad alas para leluhur saengga dados mula bukaning wontenipun Kalurahan ingkang ngrembaka ngantos dados Kalurahan Karangwuni. Ing pungkasaning cariyos wonten piwucal tilaraning para leluhur pinangka kangge cepengan gesang sesarengan.

Wonten ing BAB III dipun serat panggesanganipun warga masarakat kalajengaken ngandharaken para lurah ingkang nate ngasta paprentahan dumugi samenika.

BIOGRAFI

- Nama : EKA SUPRIYANTA
- Tempat Tgl. Lahir : Gunungkidul, 12 Juni 1962
- Alamat : Karangwuni RT 019 RW 005
Karangwuni, Rongkop, Gunungkidul,
DIY.
- Pendidikan : SD Negeri Kerdonmiri I Lulus Tahun
1974,
SMP Negeri Baran Filial Porjong
Lulus Tahun 1977, SMA Negeri 1
Wonosari IPA Lulus Tahun 1981, IKIP
Negeri Yogyakarta D 1 Matematika
Lulus Tahun 1982, Universitas
Cokroaminoto Yogyakarta S 1
Pendidikan Pancasila dan
Kewarganegaraan Lulus Tahun 2015.
- Pekerjaan : Guru Swasta SMP Kartika Porjong
sejak
Tahun 1982, Guru Swasta SMP Bhina
Karya Rongkop sejak Tahun 1991,
Pengajar Kelompok Belajar (Kejar)
Paket A Tahun 1992 - 1996, Kejar
Paket B Tahun 1997 - 2009, Kejar Paket
C Tahun 2009 - 2012 Perangkat
Kalurahan (Sekretaris BPD Tahun
2002-2006, Kepala Urusan

Perencanaan Kalurahan Karangwuni
Tahun 2006 - sekarang, mulai 18 Juni
2020 Perencanaan diganti Pangripta).

PANYUSUN LAN PANYERAT

Panyerat:

Eka Supriyanta, lahir wonten Gunungkidul surya 12 Juni 1962 tuwin mapan wonten Karangwuni RT 019 RW 005 Karangwuni, Rongkop, Gunungkidul. Nate kuliah ing IKIP Negeri Yogyakarta (Samenika UNY), Universitas Cokroaminoto Yogyakarta (UCY).

Panyusun:

Eka Supriyanta.

Pendamping:

Suparta.

Penata Isi:

Ari Yuli Endarto.

DAFTAR PUSTAKA

1. Olthof W.L Babat Tanah Jawi, 2007.
2. Sugiyanto, Hariwijaya M, Listyarini B, Zuhri A, Sugiharto Toto R, Yonny A. Ensiklopedi Gunungkidul, 2013.
3. Rahimsyah MB.AR, Kisah Wali Songo, 2018.
4. Pemerintah Kabupaten Daerah Tingkat II Gunungkidul, Menguak Sejarah Hari Jadi Kabupaten Gunungkidul,
5. wikipedia.org/wiki/Kabupaten_Gunungkidul, Sejarah Singkat Kabupaten Gunungkidul.